



Kisa mwen dwe fè si mwen pa gen telefòn oswa koneksyon entènèt ki nesesè pou telesante a?

Pandan Eta Ijans COVID-19 la, gen anpil konpayi telefòn ak entènèt ki mete kèk sèvis yo gen gratis pou konsomatè ki elijib yo. Tankou sila yo:

- Wifi/entènèt gratis:**
 - Fanmi ki gen elèv nan jadendantan jiska klas 12èm ane ak kolèj yo, epi moun yo kalifye ki gen revni fèb yo, kapab benefisyé wifi/entènèt gratis.
 - Rele founisè sèvis ou an pou verifye si w kalifye.
- Done ilimite ak minit pou telefòn selilè:**
 - Gen anpil konpayi telefòn ak entènèt ki bay plan done ilimite gratis.
 - Rele founisè sèvis ou an pou jwenn plis enfòmasyon.
- SafeLink San Fil:**
 - Abone yo gen jiska 350 minit epi 3 Giga done
 - Rele nan 1-800-SafeLink (723-3546) pou jwenn èd ak enskripsyon an epi chanzman plan.

Sa ou ta Dwe Konnen sou:

Sèvis Telesante pandan Ijans Kowonaviris la

Telesante a se itilizasyon teknoloji komunikasyon, nan telefòn oswa sou entènèt, ki otorize pwofesyonal yo livre swen sante bay pasyan yo a distans.

Èske Medicaid garanti sèvis telesante yo?

- Pou fè fas kare ak novo kowonaviris la (COVID-19), pwoteksyon asirans pou toude ni Medicaid fee-for-service (peye yon chaj chak fwa ou resevwa sèvis) ak plan swen sante Medicaid jere yo agrandi pou garanti telesante tout doktè ak founisè sèvis Medicaid kalifye kèleswa lè sa posib, pou evite pwopagasyon viris la.

Ki sèvis sèvis telesante Medicaid garanti?

- Sèvis telemedsin Medicaid garanti yo gen ladan yo tout sèvis sante oswa sante mantal yo ka bay adistans, epi li ka gen ladan ekipman ak aparèy telekomunikasyon (nan telefòn), telemedsin (odyo/vizyèl ki lye ak entènèt), telesante, ak siveyans adistans pasyan yo.

Ki kote mwen ka resevwa sèvis telesante yo?

- Pandan Eta Ijans COVID-19 la, ou ka resevwa sèvis telesante yo nenpòt kote ou ye nan Eta New York la nan moman y ap bay sèvis swen sante yo.



Department
of Health

Office of
Health Insurance
Programs

Sa ou ta Dwe Konnen sou:

Sèvis Telesante pandan Ijans Kowonavirus la

Kiyès ki ka bay sèvis telesante yo?

- Pandan Eta Ijans COVID-19 la, tout pwofesyonèl sante Medicaid yo kapab itilize telesante a pou bay sèvis yo te konn bay nòmalman yo nan biwo, toutotan sèvis yo apwopriye pou telesante a.
- Yo kapab itilize telesante a pou vizit sante ki ta dwe fèt nòmalman nan yon biwo medikal, lopital oswa lòt kote (pa egzanp, sante sante yo, pwogram jounen yo).
- Sa depann ki sèvis la, pwofesyonèl swen sante yo kapab gen ladan yo doktè, enfimyè an sèvis, asistan doktè yo, fanm saj yo, dantis yo, enfimyè kalifye yo, ansanm ak lòt pwofesyonèl yo (pa egzanp, sikològ, travayè sosyal yo, nitrisyonis yo).

Kijan y ap pwoteje lavi prive mwen lè m ap resevwa sèvis telesante yo?

- Pwoteksyon lavi prive federal ak Eta a (tankou Lwa sou Transferabilite ak Responsabilite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA)) toujou aplike pou pwoteje konfidansyalite ak lavi prive ou, ak kèk chanjman ki itil yo mete an plas pandan Eta Ijans COVID-19 la, tankou paske yo kite ou otorize kèk bagay sou ou nan bouch, lè w ap itilize pwogram anliy yo tankou Facetime oswa Skype.
- Yo pa ta dwe anrejistre sèvis telesante a san otorizasyon ou.

Ki fason mwen ka resevwa sèvis telesante yo?

- Rele biwo doktè ou an oswa pwofesyonèl swen sante ou an. Y ap ede w gen aksè nan sèvis telesante si gen posibilite a.

Èske mwen bezwen ekipman espesyal pou mwen resevwa sèvis telesante yo?

- Jeneralman, non. Ekipman telesante yo varye selon kalite swen sante y ap ba w la, epi kapab gen ladan li:
 - Sèvis telefònik epi utilizasyon yon telefòn pou kominike sèlman ak pwofesyonèl swen sante ou an.
 - Aksè nan entènèt sou òdinatè pèsonèl ou, tablèt, esmatfòn, oswa lòt aparèy sanblab pou konferans video, transfere imaj/done, ak materyèl siveyans a distans pwofesyonèl sante ou an ap ba ou.
- Pwofesyonèl swen sante ou an kapab kolabore ak ou tou pou itilize teknoloji a ak lòt materyèl pou w kontwole tansyon ou oswa nivo oksijèn pandan w rete lakay ou.